

**Gid Pou Benefisyè Asistans Finansyè Federal Konsènan Tit VI Entèdiksyon Kont  
Diskriminasyon Akòz de Orijin Nasional ki Afekte Moun Konesans Angle Limite yo.  
(Gid DHS LEP)**

**Kontèks**

Daprè Lòd Egzekitif 13166, "*Jan pou Amelyore Sèvis Pou Moun ak Konesans Angle Limite*" (11 out 2000) DHS te redije gid pou benefisyè asistans federal finansyè yo sou jan pou bay aplikan ak benefisyè ak konesans angle limite (LEP) yo bon jan aksè. Gid DHS la fèt sou modèl gid Depatman Jistics la te pibliye an 2002 a; yo pral pibliye li nan Rejis Federal la ak yon peryòd kòmante 30 jou. Gid pwopoze a pa genyen yon lwa ki angaje, men pito li ofri ajans yon eksplikasyon egzijans lwa yo. Gid sa a eksplike ke nan sèten sikontans, si yo pa asire ke yon moun LEP kapab patisipe byen oswa benefisyè de pwogram ak aktivite ki resevwa asistans federal sa kapab vyole entèdiksyon kont diskriminasyon akòz de orijin nasional la sou Tit VI nan Lwa soud Dwa Sivil 1964 la (Tit VI) ak lwa DHS te mete yo.

Gid LEP an se yon gid pou benefisyè sou jan yo kapab satisfè obligasyon pou bay "bon jan aksè" bay moun LEP ke yo bay sèvis ak kontre nan pwogram yo. Pou detèmine lè yo dwe bay sèvis langaj, benefisyè yo dwe egzamine kat faktè:

1. Kantite ak pwopòsyon moun LEP ki elijib yo bay sèvis oubyen genyen chans kontre;
2. konbyen fwa yo kontre moun ki LEP yo;
3. nati ak enpòtans pwogram, aktivite, ak sèvis ki ofri yo; ak
4. resous ki disponib pou benefisyè a ak kantite lajan 1 ap koute pou bay sèvis la.

Lòt ajans yo ki te pibliye gid pou benefisyè asistans federal finansyè yo genyen: Komès, Edikasyon Enèji, HHS, HUD, Travay, Enteryè, Eta, Transpòtasyon, Trezorye, Zafè Veteran, EPA, ansanm ak Depatman Jistics.

Yo ap pibliye Gid DHS LEP an nan Rejis Federal la pou yon peryòd kòmantè 30 jou. Lè CRCL resevwa kòmantè yo pral revize ak adrese yo nan yon dokiman final Rejis Federal la pibliye. CRCL panse piblikasyon gid la pral resevwa medya ak lòt atansyon piblik. CRCL pral disponib pou reponn kesyon ak bay asistans teknik sou gid la.

Piblikasyon rapò a te fèt apre yon rekòmandasyon GAO te fè nan yon rapò li te bay an avril 2010, GAO 10-91 Aksè ak Langaj: *Genyen Ajans ki Kapab Amelyore Sèvis yo Bay Moun ak Konesans Angle Limite yo*, ke DHS finalize ak bay Gid LEP

## **Gran Liy Gid DHS LEP**

### **I. Entwodiksyon**

Bay kontèks sou moun LEP ki Ozetazini ak bezwen pou bay yo bon jan aksè ak sèvis gouvènman.

### **II. Otorite Legal**

Diskite Tit VI nan Lwa Dwa Sivil 1964 la, desizyon Tribunal Siprèm *Lau v. Nichols la*, ak Lòd Egzekitif 13166.

### **III. Kiyès Ki Kouvri?**

Bay egzanp benefisyè asistans DHS yo:

- Depatman ponpye lokal ak eta;
- Depatman lapolis lokal ak eta;
- Ajans jesyon ijans lokal ak eta;;
- Gouvènman lokal ak eta, ansanm ak sèten òganizasyon prive kalifye ki pa la pou fè lajan, lè yo resevwa asistans dapre yon deklarasyon Prezidansyèl pou yon dezas oubyen ijans;
- Sèten ajans ki pa la pou fè lajan ki resevwa lajan sou Pwogram Manje ak Abri Ijan an;
- Zòn Iben ak otorite transpòtasyon publik ki amelyore ijans lokal, kapasite prevansyon ak repons ajans pou prepare kont ak reponn menas teworis ak lòt ijans;
- Ekip Repons Ijans Kominote (CERT), ki dirije fòmasyon ak lòt aktivite pou prepare endividé, kominote, fanmi ak travay pi byen.
- Prizon ak etablisman detansyon ki genyen prizonye pou Egzekisyon Lwa Imigrasyon ak Dwàn
- Pwogram sekirite bato Gad Kòd la asiste
- Kote ki resevwa fòmasyon espesyalize nan Sant Fòmasyon Egzekisyon Lwa Federal la (FLET); an bis vil yo.

### **IV. Kiyès ki yon Moun ak Konesans Angle Limite?**

Eksplike sa ki Konesans Angle Limite ak bay egzanp.

### **V. Kijan yon Benefisyè Detèmine Mezi Obligasyon li Pou bay Sèvis LEP?**

Diskite kat faktè analiz yo ke benefisyè yo kapab itilize pou detèmine ki sèvis langaj yo obligativa:

- 1) Kantite ak pwopòsyon moun LEP ki elijib pou pwogram nan oubyen benefisyè an bay sèvis oubyen genyen chans kontre;
- 2) konbyen fwa moun LEP antre an kontak ak pwogram nan;
- 3) nati ak enpòtans pwogram, aktivite, ak sèvis ki ofri yo oubyen sèvis pwogram nan genyen sou vi moun; ak
- 4) resous ki disponib pou benefisyè an ak lajan li koute.

## **VI. Jan Pou Chwazi Sèvis Asistans Langaj**

Eksplike ke benefisyè yo genyen de fason prensipal pou ofri sèvis langaj - sèvis langaj pa bouch oubyen ekri - epi genyen faktè pou konsidere lè w ap chwazi sèvis tankou kapasite entèprèt yo.

## **VII. Plan Eleman Efikas sou Asistans Langaj pou Moun LEP**

Eksplike ke apre yon analiz kat faktè ak desizyon sou ki sèvis asistans langaj ki apwopriye, yon benefisyè dwe devlope yon plan enplemantasyon pou adrese bezwen yo idantifye pou popilasyon LEP yo bay sèvis yo. Seksyon sa a dwe souliye kote ki kapab nan plan LEP benefisyè a.

## **VIII. Efo Konfòmite Volontè**

Eksplike objektif pou reyalize konfòmite volontè ak jan pou fè egzekisyon lwa yo mache.

## **IX. Aplikasyon a Tip Benefisyè an Patikilye**

Eksplike ke tout benefisyè asistans federal finansyè nan men DHS dwe satisfè obligasyon pou pran etap rezonab pou asire ke moun LEP yo jwenn aksè ak pwogram avèk aktivite yo.

Anplis, seksyon sa a di ke nan kontèks planifikasyon ak reposn pou ijans, sante ak sekirite, imigrasyon ak lòt detansyon, ak operasyon egzekisyon lalwa- kote genyen yon chans pou genyen pi gwo konsekans lè pa genyen asistans langaj, DHS pral chèche gwo prèv ke benefisyè yo te pran erap rezonab pou asire ke moun LEP yo jwenn bonjan aksè.